

# Gid sou sipò pou ekolaj ak sipò finansye pou rezidan andedan Eta a pou etidyan ak paran yo nan Massachusetts

MIRA



Kounye a, nan Eta Massachusetts, etidyan yo kapab jwenn yon sipò pou ekolaj la ak yon sipò finansye pou yo ka kontinye etid yo apre lekòl segondè nan Eta a. Gid sa a la pou ede yo reyisi nan pwosesis aplikasyon an.

## Premye etap: Verifye si w kalifye

- ❑ Mwen te etidye nan yon lekòl piblik Massachusetts pandan twazan,
- ❑ **EPI** mwen te gradye ak yon diplòm lekòl segondè oswa ak yon diplòm ekivalan, tankou yon GED.



## Dezyèm etap: Prepare dokiman w yo

- ❑ Mwen te voye relve nòt lekòl segondè mwen yo, diplòm mwen oswa yon lòt prèv ki montre mwen gradye, tankou yon sètifika GED, bay inivèsite mwen an.

**REMAK:** Inivèsite w sipoze resevwa relve nòt lekòl segondè w yo, diplòm ou oswa yon lòt prèv ki montre ou gradye, tankou yon sètifika GED, anvan ou ka kontinye nan twazyèm etap la.

## Twazyèm etap: Ranpli fòm kalifikasyon pou ekite nan ekolaj la

- ❑ Ranpli **fòm kalifikasyon pou ekite nan ekolaj la (Tuition Equity Eligibility Form)**, [ki disponib isit](#), oswa eskane kòd QR la.



**REMAK:** Genyen plizyè fason ou ka ranpli kondisyon n°5 la sou fòm nan, men metòd ki pi komen an se **voye yon deklarasyon sou sèman (affidavit)**. W ap jwenn li nan dezyèm paj sou fòm nan.

**Aprè ou fin ranpli fòm kalifikasyon pou ekite nan ekolaj la, etablisman ou te chwazi a pral evalye w pou detèmine si w kalifye antanke yon moun ki fini lekòl segondè ("high school completer").**

## Katriyèm etap: Ranpli aplikasyon MASFA

- ❑ Ranpli **aplikasyon pou jwenn èd finansye nan Eta Massachusetts la (Massachusetts Application for State Financial Aid, MASFA)**, [ki disponib isit](#), oswa eskane kòd QR la.



MASFA a se yon fòm Eta a apwouve ki ekivalan ak FAFSA a. Etablisman etidyan an chwazi a pral sèvi avè l pou detèmine si li kalifye pou jwenn yon èd finansye selon bezwen l yo.

**REMAK:** Si w rete avèk paran w yo oswa avèk gadyen legal ou yo, w ap bezwen enfòmasyon finansye yo epi y ap gen pou siyen aplikasyon an.

**Ranpli MASFA a pa vle di w ap jwenn èd finansye a, men li pèmèt etablisman an konsidere tout elèv yo san paspouki.**

## Senkyèm etap: Ret tann nouwèl yo!

- Inivèsite w pral kontakte w pou ba w plis enfòmasyon! Pa bliye konsilte bwat imèl ou epi fè yon suivi pou asire w yo reponn aplikasyon w.
- Si w gentan antre nan inivèsite a, lèfini yo apwouve w pou jwenn yon sipò pou ekolaj nan Eta a OSWA yon èd finansye Eta a bay, y ap konsidere w tankou yon moun ki kalifye depi 1 jiyè 2023. **Sa vle di yo gendwa remèt ou yon pati nan lajan ou deja depanse a.** Lè yo apwouve w, verifye si yo depoze kòb la sou kont ou!
- Èske ou gen kesyon? [Men yon paj kesyon-repons k ap itil ou!](#)